

**SOAL LATIHAN
UJIAN SEKOLAH (US)
SDN CIBULUH 4
TAHUN PELAJARAN 2020/2021
BAHASA SUNDA**

Nama :
Hari : Jumat, 16 April 2021

**Pilihlah jawaban yang menurutmu benar, dengan menuliskan huruf A, B, C ,
atau D pada kolom jawaban yang tersedia!**

1. Baca pupujian ieu cing taliti!

Pupujian Eling-eling Umat

Eling-eling umat
Muslimin muslimat
Hayu urang berjama'ah shalat maghrib
estu kawajiban
urang keur hirup di dunya
kanggo pibeukeuleun
Urang jaga di

(Sumber: <http://maha1727.blogspot.com/2018/01/kumpulan-pupujian-atau-nadoman-dalam.html>)

Kecap pikeun ngalengkapan pupujian nyaeta....

- A. dunya
- B. akherat
- C. masjid
- D. sakola

Baca teks ieu sing taliti!

Energi teh kudu dihemat, supaya henteu gancang beak, sabab energi anu aya di dunya ieu teh aya batasna, utamana energi anu asalna tina jero bumi ieu, saperti minyak bumi, batu bara jeung gas. Sabenerna di dunya ieu teh masih aya sumber energi lianna anu relatif henteu aya batasna, nyaeta energi anu dihasilkeun tina tanaga cai atawa panon poe.

2. Kalimah Utama anu aya dina bacaan, nyaéta....

- A. energi teh kudu dihemat, supaya henteu gancang beak, sabab energi anu aya di dunya ieu teh aya batasna
- B. energi anu asalna tina jero bumi ieu, saperti minyak bumi, batu bara jeung gas
- C. di dunya ieu teh masih aya sumber energi lianna anu relatif henteu aya batasna
- D. supaya henteu gancang beak, energy di dunya teh kudu di batasan

Perhatikeun teks paguneman ieu jang ngeusian nomor 3 nepi ka 5!

Asep : "Mak, Si Amar tos saminggu teu sakola"
Emak : "Kunaon teu damang Si Amar téh? Naha lami-lami teuing teu sakolana?"
Asep : "Saurnamah teu gaduh saragam jang sakola. Kamari bumina kabanjiran.
Sadaya barangna palid kabawa banjir"
Emak : "Aduh karunya teuing atuh"
Asep : "Enya mak. Asep jeung babaturan rencanana bade ngagalang dana kanggo mésér paralatan sakola Amar"
Emak : "Alus ari kitumah, urang jeung sasama kudu saling bantu lamun aya nu keur kasusahan. Méh urang lamun keur aya musibah pasti dibantu ku nu lain".
Asep : "Enya Mak, Asep ge sumanget ngagalang dana téh méh Amar énggal sakola deui"
Emak : "Tangtu. Upama urang migawé kahadéan, haté téh pasti sumanget tur bungah"

3. Dumasar paguneman Asep jeung Emak, Amar teu sakola kusabab....
 - A. teu gaduh sapatu
 - B. teu gaduh kantong
 - C. teu gaduh artos jajan
 - D. teu gaduh saragam
4. Kasimpulan tina paguneman éta nyaéta....
 - A. Amar teu sakola saminggu
 - B. Amar ngayakeun penggalangan dana kanggo Asep nu kabanjiran
 - C. Asep ngayakeun penggalangan dana kanggo Amar
 - D. Asep karunya ka Amar kusabab teu boga baju saragam
5. Lamun Asep jeung babaturanna teu ngagalang dana jang Amar, anu bakal kajadian nyaéta..
 - A. Amar sakola
 - B. Amar teu asup sakola
 - C. Amar geuring
 - D. Amar ulin

(1) Pa Asep pagawéanna jadi pulisi lalu lintas. (2) Tugasna newakan parampok di pasar jeung terminal. (3) Diantara anu ditilang, sok aya anu ngasong-ngasong duit sogokan ka Pa Asep, ngarah teu jadi ditilang. (4) Pak Asep pulisi anu jujur teu kagoda ku sogokan duit ti pengendara nu ngalanggar.

6. Kalimah anu teu padu jeung teks deskripsi nyaéta
 - A. 4
 - B. 3
 - C. 2
 - D. 1

Perhatikeun gambar ieu!



7. Kalimah anu sesuai jeung gambar nyaéta
- A. Mang Ade keur jualan di pasar. Di pasar Mang Ade ngajual sayuran jeung bungbuahan saperti cau, jeruk, bayem, jeung kangkung. Loba pisan ibu-ibu anu balanja ka Mang Ade. Jongko na Mang ade mani ramé pisan.
 - B. Pasar Citayem loba pisan nu jualan. Aya nu jualan daging, sayuran, beas, jeung bungbuahan. Mang Ade ngajual sayuran saperti wortel, tomat, jeung kol.
 - C. Mang Ade ngagaduhan jongko di pasar. Jongko Mang Ade ngajual sagala rupa buah-buahan saperti samangka, cau, jeruk, salak, jeung apel. Jongko Mang Ade buka ti isuk nepi ka peuting.
 - D. Kiwari loba padagang buah anus ok nguriling ka tiap tiap kampung. Biasana sok didorong dina gerobak atawa ditanggung. Bungbuahan anu dijual biasana cau, apel, jeruk, jeung salak.

Baca Teks Narasi ieu !

Radén Dewi Sartika dibabarkeun dina kaping 4 Desember 1884 di kota Bandung. Sakumaha ilaharna putra-putri ningrat dina waktu harita. Radén Dewi Sartika disakolakeun disakola Walanda. Sepuhna nyaéta Radén Somanagara ngaharepkeun sangkan Radén Dewi Sartika jadi wanoja nu binangkit. Berkat jasa kana pangajaran diajarkeun deui ka réréncanganana dugi ka ngadegkeun sakola nu namina “Sakola Kautamaan Istri”

8. Kasimpulan tina teks narasi nyaeta
- A. perjuangan Raden Dewi Sartika ngadegkeun sakola kanggo istri
 - B. sajarah dibabarkeuna Radén Dewi Sartika
 - C. prestasi-prestasi Raden Dewi Sartika di sakolana
 - D. asal usul Raden Dewi Sartika

Baca Teks Sajak ieu jang ngeusian nomor 9 nepi ka 11!

Kaéndahan Alam

(Karya Ulfa Pitriani)

Kacida éndah na alam ieu
Sawah anu luas ngabéntang
Gunung-gunung anu ngajulang nyusul langit
Laut nu biru sarta ombak anu éndah
Éta ciptaan Allah anu Maha Ésa
Anu Maha Agung
Anu nyiptakeun raragam kaéndahan alam

Sumber : <https://brainly.co.id/tugas/2585257>

9. Sajak Kaéndahan Alam ngandung amanat nyaéta....
- A. kudu rajin ngajaga lingkungan sakola
 - B. kudu rajin beberesih dilingkungan imah
 - C. kudu loba sukur ka Allah sabab kaéndahan alam ciptaan Allah anu Maha Ésa.
 - D. kudu loba inget ka Nagara.
10. Cara nu bener, ngajaga kaéndahan alam nyaéta....
- A. miceun runtah ka tempatna
 - B. miceun runtah ka walungan
 - C. miceun runtah dimana waé
 - D. miceun runtah diburuan
11. Akibat lamun urang teu ngajaga kaéndahan alam nyaéta....
- A. alam jadi bersih
 - B. alam jadi ruksak
 - C. alam jadi éndah
 - D. alam jadi subur

Baca kawih ieu sing taliti !

Cita-Cita

Cipt: Ubun R Kubarsih

Cita-cita, cita-cita
Mangka laksana mun diajarna rajin
Cita-cita, cita-cita
Pareng laksana mun diajarna tigh

12. Dumasar kana kawih, Cita-cita teh bakal laksana mun urang diajarna
- A. Campoleh
 - B. Rajin
 - C. Bageur
 - D. Soleh

Baca teks paguneman ieu!

Ujang : "Sep, bade kamana meuni rapih pisan?"

Asep : "Bade pulang kampung Jang"

Ujang : "Kamana uihna?"

Asep : " Ka Bogor Sep"

Ujang : " Nya atuh hati-hati dijalana"

Asep : " Hatur nuhun Jang!"

13. Dumasar paguneman, topik anu tepat nyaéta....

- | | |
|----------------|---------------|
| A. sakola | C. mudik |
| B. jalan-jalan | D. indit gawé |


Perhatikeun gambar ieu!



14. Mida jeung Dami rék ulin di buruan. Mida jeung Dami nyiapkeun jeung
keur ulin congklak.

Dumasar kana bacaan ieu kecap anu bener nyaéta

- | | |
|--------------------------|-------------------------|
| A. kewuk, papan congklak | C. batu, katapel |
| B. bal bekel, kewuk | D. papan congklak, batu |



15. Dumasar kana gambar, barudak kacida

- | | |
|----------|-----------|
| A. Resep | C. Bageur |
| B. Rajin | D. Soleh |